



## Enstiti Fòmasyon Seyans Enfòmasyon sou Sipò Timoun

**Nou pa kapab tann pou nou wè w nan seminè vityèl sou sipò timoun gratis nou an. Chak seyans ap kòmanse avèk yon prezantasyon epi apresya, ap gen yon sesyon kesyon-repons.**

Enstiti Fòmasyon nan Biwo Sèvis pou Sipò Timoun (Office of Child Support Services, OCSS) HRA a ap prezante yon seri seminè gratis sou entènèt nan objektif pou bay limyè sou kèk aspè sou sipò timoun ki yon ti jan konplike pafwa. Seminè sa yo fèt pou manm pèsonèl nan ajans nan vil la ak òganizasyon kominotè yo, epi pou paran yo – ak pwofesyonèl ki ap travay avèk paran sa yo. Chak seyans ap kòmanse avèk yon prezantasyon epi apresya, ap gen yon sesyon kesyon-repons.

Si w gen pwoblèm pou Enskri nan nenpòt sesyon, tanpri, voye imèl pou nou san pèdi tan nan [OCSS.TrainingInstitute@dfa.state.ny.us](mailto:OCSS.TrainingInstitute@dfa.state.ny.us).

### Prezantasyon ki ap Vini

**Madi 24  
Septanm a  
10:00 – 11:00  
A.M.**

#### Yon Entwodiksyon sou Dosye Entè-Eta pou Sipò Timoun

Pifò dosye sipò timoun enplike yon paran ki gen gad ak yon paran ki pa gen gad, ki ap viv nan menm jiridiksyon. Sepandan, nan kèk ka, paran yo ap viv nan de (2) jiridiksyon/Èta oswa peyi diferan, epi pwogram sipò timoun nan jiridiksyon sa yo bezwen kolabore epi travay ansanm pou bay sèvis sipò timoun nan. Se administrasyon federal la, anba sipèvizyon Eta a, ki enpoze sipò timoun nan, epi li administre nan nivo lokal. Aktout gen anpil faktè diferan pou pran an konsiderasyon, seminè sa a ap pale sou fason diferan ajans ap travay ansanm pou bay timoun yo èd yo bezwen an, kèlkeswa kote yo menm ak paran yo ap viv. **Enskri nan** <https://bit.ly/49FCCQ9>.



**Pi Byen  
Adapte pou:**



**Madi 8 Oktòb a  
10:00 – 11:00  
A.M.**

#### Kòman M Ka...? Enfòmasyon pou Jere yon Dosye Sipò Timoun

Patisipan yo pral aprann kijan pou yo reyalize plizyè aktivite enpòtan ki lye ak sipò timoun, kijan pou prepare pou tribinal, fè yon pèman, modifiye yon òdonans sipò timoun, konkli yon akò sou tan paran, epi jwenn èd sou pwoblèm sipò timoun. **Enskri nan** <https://rb.gy/tpbi29>.



Pi Byen Adapte pou: Paran Avoka Ajans ak òganizasyon ki ap ede paran yo

Tout webinè yo ap ann Anglè ak ann Espanyòl Voye imèl nan [ocss.traininginstitute@dfa.state.ny.us](mailto:ocss.traininginstitute@dfa.state.ny.us) pou mande yon entèprèt omwen 48 èdtan anvan dat sesyon an.

## Prezantasyon ki ap Vini

Madi 22 Oktòb  
a 10:00 – 11:00  
A.M.



### Snapshot: Yon Zouti pou Òganizasyon Kominotè

OCSS te devlope zouti Snapshot la pou pèmèt pèsònèl Òganizasyon Kominotè yo jwenn detay bazik sou yon dosye sipò timoun. CBO ak gwoup pledwaye yo se bon konseye ki ka bay lyen esansyèl pou sèvis pou kliyan yo. Snapshot se yon zouti anliy sekirize ki pèmèt gwoup yo ede kliyan yo nan ba yo aksè ak yon Apèsi (Snapshot) nan dosye sipò timoun yo. Dokiman yon paj sa a liste pèman yo fè, montan lajan ki dwe epi ak kiyès, epi nenpòt aksyon egzekisyon ki pran sou dosye a. Li gen ladan tou yon lis pwochen etap ki rekòmande an repons ak detay nan dosye espesifik la. Pou pwoteje lavi prive kliyan an, y ap mande pou siyen yon fòmilè otorizasyon Snapshot Sipò Timoun OCSS pou divilge enfòmasyon bay òganizasyon ou an. Pou w enskri, voye yon imèl bay [OCSSinfo@dfa.state.ny.us](mailto:OCSSinfo@dfa.state.ny.us) ak "Child Support Snapshot" kòm objè. Enskri nan <https://rb.gy/21pzv0>.



Madi 29 Oktòb  
a 10:00 – 11:00  
A.M.



### Pwoblèm Sipò Timoun pou Veteran ak Militè an Fonksyon

Patisipan yo pral aprann sou enpòtans sipò timoun pou veteran ak fanmi yo, ak resous ki disponib pou veteran ak militè an fonksyon konsènan pwoblèm sipò timoun yo. Enskri nan <https://bit.ly/47LUEA3>.



Madi 12  
Novanm a  
10:00 – 11:00  
A.M.

Pi Byen  
Adapte pou:



### Akò pou Sipò Timoun ak Opsyon Medyasyon

Seyans sa a ouvè pou tout paran ki ap mande yon òdonans pou sipò timoun, kit yo gen gad timoun nan, kit yo pa genyen li. Objektif li se chèche jwenn mwayen kote yo kapab itilize akò yo -kit se yon nouvo òdonans oswa yon chanjman nan òdonans ki la deja a - pou senplifye epi akselere pwosesis sipò timoun nan, lè yo limite sou vizit nan tribinal familyal yo. Epitou, nan seyans sa a, nou ap pale sou fason yo kapab itilize medyasyon pou jere dèt sipò timoun yo dwe paran ki gen gad timoun nan. Enskri nan <https://rb.gy/reuve8>.



Madi 19  
Novanm a  
10:00 – 11:00  
A.M.

Pi Byen  
Adapte pou:



### Kijan pou Prepare W pou Tribinal, Kisa pou Pote, Kisa pou Atann

Patisipan pral aprann sou wòl Tribinal Fanmi nan etabli ak modifeye òdonans sipò timoun yo, epi kijan pou prepare pou Tribinal. Paran yo ka parèt san avoka. Li pi bon pou ta prepare epi pote dokiman ki apwopriye yo. Sesyon sa a pral dekri sa k ap pase pandan yon odyans sipò timoun, ki dokiman y ap gen bezwen, epi sa rezilta a vle di pou paran ki gen gad timoun nan ak pou sa ki pa gen gad li a. Enskri nan <https://rb.gy/z3jj87>.



Pi Byen Adapte pou:  Paran  Avoka  Ajans ak òganizasyon ki ap ede paran yo

Tout webinè yo ap ann Anglè ak ann Espanyòl Voye imèl nan [ocss.traininginstitute@dfa.state.ny.us](mailto:ocss.traininginstitute@dfa.state.ny.us) pou mande yon entèprèt omwen 48 èdtan anvan dat sesyon an.

## Prezantasyon ki ap Vini

Madi 3 Desanm  
a 10:00 – 11:00  
A.M.

Pi Byen  
Adapte pou:



### Seyans Egzekitif Espesyal: Kesyon-Repons avèk Dirijan OCSS yo

Evènman sa a ouvri pou tout moun nan kominote a, san wete paran ki pa gen gad ak paran ki gen gad yo, avèk oswa san yon òdonans sipò timoun. Dirijan OCSS yo vle koute epi tande sa w gen pou di. Y ap fè yon seri prezantasyon tou kout sou fason sèvis Sipò Timoun nan Vil New York la fonksyone, epi apresya, yo ap reponn kesyon moun nan asistans lan genyen sou tout sijè ki gen rapò ak sipò timoun. **Enskri nan** <https://rb.gy/a1y8ab>.



Madi 17  
Desanm a  
10:00 – 11:00  
A.M.

Pi Byen  
Adapte pou:



### Premye Pa nan Kesyon Sipò Timoun: Kisa mwen kapab atann?

Kesyon sipò timoun nan konplike, epi gen anpil moun ki chwazi sipò timoun, oswa ki aprann yo konvoke yo nan yon odyans pou sipò timoun, epi yo pa konnen kisa yo kapab atann. Rechèch yo montre gen anpil paran selibatè, sitou paran ki pa gen anpil revni yo, ki kalifye pou sipò timoun, men, yo pa fè demann lan. Seminè sa a ap pale sou tout etap inisyèl nan pwosesis la – soti nan kòmansman yon dosye sipò timoun rive nan asiste odyans devan yon Jij Sipò Timoun nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an. N ap pale sou etap ki nesèsè yo ansanm ak dokiman ki obligatwa yo, epi sou jan li enpòtan pou asiste odyans lan. Epi tou, n ap pale sou dat limit jeneral pou etabli yon òdonans pou sipò timoun. Mete sou sa, n ap pale sou nouvo pake dokiman nou bay paran/responsab legal ki fè demann sèvis sipò timoun, epi ki gen yon dat odyans. **Enskri nan** <https://rb.gy/wf9nmu>.



Madi 7 Janvye  
a 10:00 – 11:00  
A.M.

Pi Byen  
Adapte pou:



### Prensip Debaz pou Sipò Timoun

Seminè sa a bay yon apèsi jeneral sou pwosesis sipò timoun nan, san wete enfòmasyon sou valè sipò timoun nan genyen, kantite tan yon dosye sipò timoun dire, epi yon deskripsyon sou pwogram ki fèt pou ede paran ki gen yon dosye sipò timoun. **Enskri nan** <https://rb.gy/3958c1>.



Madi 14  
Janvye a 10:00  
– 11:00 A.M.

Pi Byen  
Adapte pou:



### Mezi Egzekisyon Administratif sou Sipò Timoun: Sa ou Bezwen Konnen

Fòmasyon sa a bay enfòmasyon ki pwofon sou mezi egzekisyon administratif yo ap pran lè yon moun pa peye sipò timoun lan nan dat limit la, epi lè aryere yo kòmans vin akimile. Patisipan yo ap aprann kilè yo ap pran mezi egzekisyon administratif yo, kisa egzansyon yo ye, epi kijan pou konteste yon mezi egzekisyon administratif. **Enskri nan** <https://rb.gy/azx8uw>.



Pi Byen Adapte pou:  Paran  Avoka  Ajans ak òganizasyon ki ap ede paran yo

Tout webinè yo ap ann Anglè ak ann Espanyòl Voyer imèl nan [ocss.traininginstitute@dfa.state.ny.us](mailto:ocss.traininginstitute@dfa.state.ny.us) pou mande yon entèprèt omwen 48 èdtan anvan dat sesyon an.

## Prezantasyon ki ap Vini

Madi 28  
Janvyè a 10:00  
– 11:00 A.M.

Pi Byen  
Adapte pou:



### Sipò Timoun: Opsyon Rediksyon Dèt pou NCP

Dèt sipò timoun ki pa peye yo se yon gwo pwoblèm pou paran ki pa gen gad la ansanm ak paran ki gen gad la, epi pou timoun yo. Li mennen nan yon seri mezi egzekisyon ki kapab entèfere ak kesyon kenbe travay, kreye obstak pou angajman papa a, epi lakoz tout pati yo gen estrès. An reyalye, se NCP ki gen yon kapasite pèman ki fèb yo ki gen pifò dèt yo. HHS rekòmande pou diminye dèt sa a yon fason pou evite ka maltretans ak neglijan sou timoun yo. Patisipan yo ap dekouvri pwogram OCSS enpòtan ki kapab diminye dèt sipò timoun yo dwe gouvènman an yon fason administratif, ansanm ak yon seri estrateji pou evite dèt la, epi yon opsyon pou negosye dèt yo dwe paran ki gen gad timoun nan. **Enskri nan** <https://rb.gy/s4i59o>.



Madi 4 Fevriye  
a 10:00 – 11:00  
A.M.

Pi Byen  
Adapte pou:



### Baz Sipò Timoun pou Nouvo Paran

Sesyon sa a ouvri pou tout paran – paran ki gen gad timoun nan ak sa ki pa gen gad la ki gen yon òdonans sipò timoun, ni tou pou paran ki anvizaje aplike pou sipò timoun. Patisipan yo pran aprann sou baz sipò timoun: kritè elijiblite, pwosesis aplikasyon an, kijan pou resevwa sipò timoun san danje, epi kisa pou atann pandan lavi sipò timoun nan. **Enskri nan** <https://rb.gy/80vx5x>.



Pi Byen Adapte pou:  Paran  Avoka  Ajans ak òganizasyon ki ap ede paran yo

Tout webinè yo ap ann Anglè ak ann Espanyòl Voyer imèl nan [ocss.traininginstitute@dfa.state.ny.us](mailto:ocss.traininginstitute@dfa.state.ny.us) pou mande yon entèprèt omwen 48 èdtan anvan dat sesyon an.